

Chè Paran/Gadyen,

Nou kontan ba ou aksè a Rapò Distri 2025 nou an. Chak ane, Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè (DESE) pibliye yon rapò pou montre fanmi yo kijan distri nou an ak lekòl nou yo ap pèfòme nan plizyè domèn diferan. Kat rapò anyèl sa yo gen anpil enfòmasyon ladan yo ki bay yon apèsi sou pèfòmans jeneral lekòl yo ak distri lekòl la.

Fòma kat rapò a te menm jan pandan plizyè ane ki sot pase yo, epi li trè entèaktif pou moun k ap bay swen yo itilize. Nou te ajoute lyen pou chak rapò nou yo sou bò dwat paj sa a. Tanpri chwazi lekòl pitit ou a nan tablo ki sou bò dwat paj sa a. W ap wè yon lèt direktè lekòl la voye ba ou ki bay yon apèsi sou rapò lekòl la. W ap jwenn tou yon lyen pou jwenn rapò lekòl la ak yon glosè pou ede w revize li. Ou ka tradui tout rapò yo lè w chwazi lang ou prefere a nan fonksyon Google Translate ki nan kwen anwo dwat sit entènèt la.

Lè w ap gade yon rapò, ou ka wè anpil enfòmasyon sou distri nou an ak lekòl nou yo. Gen kèk nan done ki disponib yo tankou yon rezime sou siksè elèv nou yo, kalite pwofesè yo, opòtinite aprantisaj elèv yo, ak anpil lòt bagay ankò. Eksplikasyon sou chak kategori sa yo, ansanm ak referans vizyèl, yo bay anndan rapò a. [sit pou gade rapò](#) Si ou gen kesyon, nou ankouraje w pou kontakte direktè lekòl pitit ou a dirèkteman.

Sensèman,

Charlie Caliri, Sipèentandan Adjwen